

Gid Resous Pi Bon an (**Bear-y** Best)

pou nouvo paran

*Pran swen tèt ou epi pran
swen nouvo ti pitit ou a!*



Byenvini nan mond lan, Ti pitit

Gen anpil bagay pou nou aprann epi pou nou prepare pou yo! Gid sa a la pou sipòte w atravè moman sa a ki espesyal **bear-y**, ede w santi w an konfyans epi pare w pou w kòmanse bèl ti avanti sa a.

Lis pwen yo

Anrejistreman nesans.....	02
Sètifika nesans	03
Non	05
Sekirite sosyal.....	07
Akouchman nan kay	08
Detay sou fanmi an	09
Adopsyon	10
Siwogasi (lè yon fanm pote yon tibebe pou yon lòt moun) ..	11
Senk konsèy ki itil pou nouvo paran	12
Pwosisis volontè pou rekonèt patènite	13
Pansyon alimantè	15
Vaksen pou timoun	16
Pwograme randevou w aprè akouchman w lan	17
Pwogram tèspou tibebe ki fèk fèt	18
Tèspou tibebe ki fèk fèt: CCHD	18
Tèspitaj tach san pou tibebe ki fèk fèt	19
Deteksyon ak entèvansyon bonè pou pwoblèm tandè	21
Vizit bonè nan kay pou timoun	24
Rezo swen pou timoun (Care Connection for Children) ...	25
Fanm, tibebe ak timoun (Women, Infants, and Children, WIC)	26
VitalChek	27

Anrejistreman nesans

Ak kisa pou m atann mwen lè m fin akouche?

Yon ti tan aprè tibebe w la fin fèt, estaf lopital la oswa ofisyè eta sivil la ap pran enfòmasyon enpòtan nan men w pou kapab ranpli sètifika nesans lan. Li enpòtan pou w bay detay ki egzat epi onèt pou asire sètifika a kòrèk epi pou anpeche nenpòt reta oswa pwoblèm nan lavni.

Ofisyè eta sivil la ap la tou pou gide w atravè pwosesis la, reponn kesyon w yo epi asire tout bagay byen pase. Pran tan pou ranpli etap sa ak tout swen, sa ap ede pwoteje idantite pitit ou a epi mete garanti ou gen aksè ak benefis ki enpòtan depi nan kòmansman an.

Men kèk kesyon yo ka mande w pou reponn, si yo aplikab:

- Ki ras manman an?
- Ki orijin ispanik manman an?
- Nan ki pi wo nivo edikasyon paran an rive?
- Èske manman an te resevwa avantaj WIC?

Après yo fin ranmase tout enfòmasyon yo, lopital la ap voye detay yo bay Biwo eta sivil la (Office of Vital Records, OVR) pou anrejistre ofisyèlman nesans tibebe w la. Etap sa a ede kreye idantite legal pitit ou a epi asire li gen aksè ak sèvis ki enpòtan yo.



Li enpòtan "**Bear-y**" pou konprann!
Pou jwenn plis enfòmasyon, klike sou kòd QR la pou aprann plis nan Paj resous pou nouvo paran nou an.



Sètifika nesans

Poukisa yo ranmase enfòmasyon pèsonèl sa a?

Sant nasyonal sou estatistik sante (National Center for Health Statistics, NCHS) ak Biwo eta sivil (Office of Vital Records, OVR) mande pou enfòmasyon sa yo pou ede amelyore sante paran yo ak tibebe yo nan kominote w la. Detay ki kòrèk yo ap ede yo siveye bagay enpòtan tankou to nesans ak sante tibebe, ki an retou ap ede kreye pi bon pwogram sante ak sèvis pou fanmi yo. Lè w pataje enfòmasyon sa a, w ap ede asire tout moun resevwa swen yo bezwen an.

Ki enfòmasyon ki nan sètifika nesans tibebe mwen an?

Estanda fòmilè sètifika kout la anjeneral gen ladann detay enpòtan ki vini annaprè yo:

- Nimewo dosye eta a
- Non konplè timoun nan, dat nesans, sèks, kote li fèt (Vil oswa Konte)
- Non konplè jèn fi manman/paran an, laj, eta/peyi kote l fèt
- Non konplè papa/paran an, laj, eta/peyi kote l fèt
- Dat yo anrejistre dosye a





Kijan mwen ka kòmande sètifika nesans tibebe mwen an?

Ranpli sètifika nesans tibebe ou a rapid epi li fasil!

Nan lopital la, ou menm ansanm ak papa pitit la oswa patnè w, si sa aplikab, kapab revize epi siyen sètifika nesans lan ak siyati elektownik. Annaprè sa, lopital la voye enfòmasyon an dirèkteman bay Biwo eta sivil (OVR) la pou fè sètifye l epi anrejistre l. Pandan pwosesis sa a, ou ka peye byen fasil anliy ak kat kredi oswa kat debi, epi nan pifò ka yo, pase pran sètifika nesans lan nan kèk jou nan depatman sante lokal ou a, nan Depatman machin ki gen motè (DMV) oswa nan Biwo eta sivil nan Richmond. Ou genyen tou opsyon pou yo voye sètifika a dirèkteman lakay ou pa lapòs.

Si sistèm elektonik lopital la pa yon opsyon, ou pa bezwen enkyete w, ou kapab aplike anliy oswa ranpli yon fòmilè sou papyè nan biwo eta sivil la. Yo ka aksepte pèman atravè chèk oswa manda postal (money order) si lopital la pèmèt sa. Yon fwa yo fin fè pwosesis la, Biwo eta sivil ap voye atravè lapòs kopi sètifye a (yo) dirèkteman nan adrès ou te bay la.

Lè sètifika nesans la rive atravè lapòs, yo p ap mete l nan yon anvlòp. Olye de sa, l ap vini nan fòm yon lèt yo sele ak presyon, menm jan ak sa nou montre pi wo a.

Eskane kòd QR sa a pou w kapab gen aksè ki itil "Bear-y" sou sijè sa a!



Non

Kisa yon "non jèn fi - maiden name" ye?

Sa a vle di tout non yo te ba ou lè w te fèt oswa nenpòt chanjman legal ou te fè nan non w, sof siyati w vin genyen lè w marye. Si w pat gen okenn siyati lè w te fèt oswa peyi w pa itilize youn, ou kapab kite li vid.

Kijan mwen ka rele tibebe mwen an?

Chwazi non tibebe w la se yon desizyon ki enpòtan "**Bear-y**". Virginia dakò nenpòt siyati men Administrasyon sekirite sosyal (Social Security Administration, SSA) pa aksepte non ki gen karaktè espesyal oswa aksan lè w ap soumèt li elektwonik. Si non tibebe w la gen sa yo, w ap bezwen aplike pou yon kat sekirite sosyal dirèkteman devan SSA.

E si tibebe mwen an pa ko gen non anvan mwen kite lopital la?

OVR mande ofisye eta sivil la pou bay tibebe a siyati w epi pou voye sètifika a bannou. Sepandan, tanpri sonje yo pa ka fè okenn batistè oswa kat sekirite lè sa pase konsa.



Èske mwen ka itilize plis pase yon siyati pou pitit mwen an?

Ou lib pou chwazi nenpòt non pou pitit ou a, men li itil pou konprann sityasyon w, espesyalman si gen doub nasyonalite, tankou dosye paspò kapab pi konplike si paran yo pa marye epi yo pa rekonèt patènite.

Kijan m ap chanje non tibebe aprè mwen fin anrejistre l devan biwo eta sivil?

Ou kapab chanje non ak dezyèm non pitit ou a nenpòt lè nan premye ane a. Pou sa, w ap soumèt yon deklarasyon pou koreksyon (Affidavit for Correction) epi peye yon ti frè. Chanje siyati aprè 30 jou, sa ap mande yon òdonans nan men tribinal wo enstans Circuit Court).



Chwazi **Non tibebe w la** anvan l fèt

PLANIFIKATÈ NON TIBEBE

GASON		FI	
Non	Dezyèm non	Non	Dezyèm non

Sekirite sosyal

Kijan m ap ka manje yon nimewo sekirite sosyal pou tibebe mwen an?

Se yon bon lide pou aplike pou nimewo sekirite sosyal tibebe w la lè w kòmande sètifika nesans lan nan lopital la. Biwo eta sivil (OVR) ap voye demann ou an bay Administrasyon sekirite sosyal (Social Security Administration - SSA) la atravè mwayen elektwonik. **Ou kapab atann ou pou w resevwa kat sekirite sosyal tibebe w la atravè lapòs nan espas 6 semèn.**

Li enpòtan "Bear-y" pou konnen! Si non manman an, papa oswa tibebe a gen yon aksan oswa yon karaktè espesyal, SSA p ap aksepte demann nan. Pa enkyete w. Yo aksepte non ki gen tirè ladan yo!

Kijan m ap ka manje yon kat sekirite sosyal pou tibebe mwen an si mwen pa t mande l nan lopital la?



Si w decide pa mande kat la nan lopital la, w ap bezwen fè sa ou menm. Pou sa, w ap pwograme yon randevou nan biwo SSA lokal ou a pou kòmanse pwosesis la. Sonje pote sètifika nesans timoun ou an!

Kilès pou mwen kontakte si mwen pa resevwa kat la nan bwat postal, jan yo te prevwa sa?

Si w pa ko resevwa kat sekirite sosyal tibebe w la aprè w fin tann tan nòmal pou pwosesis la, tanpri kontakte biwo sekirite sosyal ou a. Epitou, ou kapab rele nan 1-800-772-1213 (TTY 1-800-325-0778), lendi-vandredi, sòti 8:00 a.m. pou 7:00 p.m. Ale sou sitwèb yo a nan SSA.GOV pou jwenn plis enfòmasyon.

Akouchman nan kay

Kijan pou mwen anrejistre nesans pitit mwen an aprè yon akouchman lakay ki te rive sanzatan?

Si w te fè yon akouchman lakay nan Virginia epi yo te transfere w nan yon sant pou akouchman, pifò ladan yo pare pou ede w ak papye yo yon fwa pitit ou a fin fèt. Si yo pa transfere w, ou ka jis kontakte depatman sante lokal ou a pi vit posib. **Anrejistre tibebe w la nan espas 30 jou pou asire w tout bagay an règ.**

Si mwen te fè tibebe mwen an nan kay ak yon sajfam oswa yon doula, kijan m ap fè pou m anrejistre sètifika nesans lan?

Yon sajfam oswa doula sèvi kòm yon sètifikatè, se li menm ki konfime tibebe w la fèt tou vivan. Yo ede ranpli sètifika nesans lan ak detay tankou non, dat ak lè, epi annaprè voye l bay depatman sante lokal la oswa Biwo eta sivil la.

Ki pwosesis pou anrejistre nesans tibebe m nan aprè yon akouchman nan kay mwen te planifye?

Si w te akouche nan kay nan Virginia, **ou dwe anrejistre nesans lan devan depatman sante lokal ou a nan espas 30 jou.** Estaf lopital la ka ede si yo transfere w imedyatman aprè w fin akouche. Si w bezwen plis tan pou anrejistre nesans lan, y ap mande w pou w bay prèv sa yo:

- Prèv ou te ansent
- Prèv tibebe a te fèt vivan
- Akouchman nan kay - Prèv ou rezide nan Virginia oswa prèv ou te fè akouchman an nan yon lòt adrès ki anndan Virginia

Li "**Bear-y**" nesesèl! Si w pa kapab bay dokiman sa a, w ap bezwen chèche èd nan men yon reprezantan jiridik oswa tribinal wo enstans lokal ou a.

Detay sou fanmi an

E si mwen marye men mwen pa marye ak papa pitit la?

Si w te marye nenpòt lè 10 mwa anvan timoun nan fèt, legalman yo konsidere mari w kòm papa timoun nan nan Virginia. Si w bezwen èd pou ajoute non papa biyolojik timoun nan nan sètifika nesans lan, tanpri kontakte Biwo eta sivil la. Epitou, ou kapab kontakte Tribinal pou minè ak relasyon domestik/Tribinal gran enstans pou tabli patènite a legalman.

Èske m ap kapab ajoute non papa a nan sètifika nesans tibebe mwen an nan lopital la si papa a mouri?

Si manman an pa marye epi papa a mouri, ou pa ka ajoute non l nan sètifika nesans lan nan lopital la. Pou paran ki pa marye, w ap oblije ranpli yon fòmilè pou rekonèt patènite (Acknowledgment of Paternity - AOP) nan prezans manman, papa ak tibebe a.

Sepandan, si paran yo marye, yo kapab mete non papa a nan sètifika nesans lan.

Kisa pou m konnen sou anrejistreman nesans si nou se yon koup ki gen menm sèks?



Nan Virginia, pwosesis pou anrejistre nesans pou koup ki gen menm sèks se menm pwosesis la pou koup ki gen sèks diferan, kote yo jeneralman mete tou de paran yo nan sètifika nesans lan. Pou koup ki gen menm sèks epi ki pa marye, sèlman non manman an k ap nan sètifika a. Pou asire lòt paran an gen dwa legal, yo ka bezwen yon òdonans nan men tribinal oswa pou dezyèm paran an adopte l.circuit court

Adopsyon

Kisa pou m konnen sou sètifika nesans tibebe mwen an si m ap adopte l?

Lè yon tibebe fèt nan yon lopital nan Virginia, lopital la ap ransanble enfòmasyon sou paran timoun nan epi ap voye l nan Biwo eta sivil la pou kreye yon sètifika nesans ofisyèl. Paran k ap adopte yo pa anrejistre nesans lan nan lè sa a, epi yo pa mete enfòmasyon yo nan lopital la. Aprè yo finalize adopsyon an nan tribinal la, y ap kreye yon nouvo sètifika nesans ki gen ladann paran adoptif yo kòm paran legal yo. Nouvo sètifika sa a ranplase sètifika orijinal la epi li vin dosye nesans ofisyèl tibebe a.

Kisa mwen ta dwe konnen si n ap adopte yon tibebe imedyatman li fin fèt?

Yon fwa adopsyon an finalize, paran adoptif yo oswa avoka yo a kapab fè demann nouvo sètifika nesans lan nan Biwo eta sivil. Sètifika aktyalize sa a ap montre nou kòm paran legal tibebe a.

E si tibebe mwen an fèt deyò eta a men adopsyon an ap fèt anndan Virginia?

Si tibebe a **fèt deyò Virginia**, Virginia **pa kapab** bay yon sètifika nesans, menmsi yo finalize adopsyon an la a. Nan ka sa a, w ap bezwen suiv **pwosesis nesans eta a** pou mande yon sètifika yo amande. Sepandan, **si nesans lan ak adopsyon an** fèt nan Virginia, w ap suiv pwosesis Virginia atravè Biwo eta sivil pou jwenn nouvo sètifika nesans lan.

Eskane kòd QR sa a pou w kapab gen aksè ak enfòmasyon ki itil "**Bear-y**" sou sijè sa a!



Siwogasi (lè yon fanm pote yon tibebe pou yon lòt moun)

Kisa mwen ta dwe konnen si nou itilize yon siwogat pou pote tibebe nou an?

Nan ka siwogasi, y ap mete fi ki pote tibebe a (yo rele l manman k ap pote timoun nan-Gestational Carrier) ak mari li (si li gen youn) kòm paran tibebe a sou sètifika nesans orijinal la lè tibebe a fèt. Anvan yo kapab mete paran ki gen entansyon pou adopte timoun nan sou nouvo sètifika nesans lan, manman k ap pote timoun nan ansanm ak mari l dwe renonse dwa paran yo, selon lwa Virginia.

Kiyès yo dwe mete kòm manman nan sètifika nesans lan?

Lè nou di "manman" sou sètifika nesans lan, nou vle di moun ki fizikman te fè tibebe a. Kidonk, sètifika ap montre enfòmasyon sou moun ki te akouche tibebe a. Si te gen yon siwogat, se sèlman detay manman ki fè tibebe a lopital la ap mete nan sètifika y ap voye bay OVR la. Pa enkyete w. Yon fwa li rive, OVR ap jere tout aktyalizasyon ki nesèsè nan bò pa nou.

Eskane kòd QR sa a pou kapab gen aksè ak enfòmasyon ki itil "**Bear-y**" sou sijè sa a!



Senk konsèy ki itil pou nouvo paran

1) Mande èd

Konsèy sa a enpòtan! Si w santi w akable, pa pè mande èd. Zanmi ak fanmi pare pou sipòte w, kit se ak travay nan kay la oswa pou siveye tibebe w la pou w kapab pran yon poz.

2) Fè yon ti dòmi lè ou kapab

Gen kèk bagay ki ka tann. Repo pa ka tann. Lè tibebe w la ap fè ti dòmi, pran yon poz epi fè yon ti dòmi pou kapab rechaje w.

3) Òganize enfòmasyon ijans ou

Ak yon titit nan men w, se pou w prepare w. Sere enfòmasyon enpòtan tankou doktè, lopital, alèji, asirans nan telefòn ou pou kapab gen aksè rapid nan ka ijans.

4) Konekte ak lòt paran yo

Etap sa a ka difisil. Konekte ak lòt nouvo paran yo epi ak sa ki gen eksperyans yo pou kapab jwenn konsèy ak sipò. Lè w gen moun ou kapab apiye sou yo, sa fè bagay yo vin pi fasil epi pi amizan.

5) Fè tèt ou konfyans

Se ou menm ki konn tibebe w la pi byen. Si yon bagay sanble pa mache, pa tann. Rele pedyat ou a pou kapab gen lapè nan tèt.



Pwosesis volontè pou rekonèt patènite

Ki fòm idantifikasyon (ID) ofisye eta sivil la bezwen pou notarye fòmilè volontè pou rekonèt patènite a?

Nan Virgina, toude paran yo dwe dakò sou papa byolojik la anvan yo ranpli fòmilè volontè pou rekonèt patènite a. Ofisye eta sivil la ap la tou pou gide w atravè pwosesis la, eksplike w dwa w yo epi asire tout bagay byen klè.

Pou notarye fòmilè a, ofisye eta sivil la ap bezwen verifye idantite w. Y ap mande w pou bay youn nan fòm idantite (ID) sa yo:

1. Yon paspò Etazini
2. Yon kat paspò Etazini
3. Yon sètifika sitwayènte Etazini
4. Yon sètifika natiralizasyon
5. Yon paspò etranje
6. Yon kat vèt (Green Card) Etazini ki gen yon foto ladann
7. Yon lisans pou kondi eta a bay
8. Yon kat idantifikasyon eta a bay
9. Yon kat idantifikasyon militè Etazini

Lè w gen kat idantite w pare, sa ap fè pwosesis la ale rapid epi swa. Etap sa a enpòtan pou legalman tabli patènite, sa ki kapab afekte dwa ak avantaj pitit ou a genyen. Si w gen nenpòt kesyon, ofisye eta sivil la la pou ede!

Èske ou ta renmen gen plis enfòmasyon sou fason pou etabli pwosesis volontè pou rekonèt patènite nan Commonwealth Virginia?



ESKANE LA A
pou jwenn plis
enfòmasyon





Mwen pa marye. Kijan pou m ajoute non papa a nan sètifika nesans tibebe mwen an?

Si w pa marye, ou menm ak papa byolojik la gen opsyon pou ranpli yon fòmilè volontè pou rekonèt patènite (AOP) anvan yo egzeyate w lopital la. Ofisyè eta sivil la oswa manm estaf yo deziyen an ap disponib pou ede w ranpli fòmilè a epi pou notarye l sou plas, sa ki fè pwosesis la rapid epi swa. Ranpli AOP a tabli patènite legal ki kapab enpòtan pou dwa paran ak avantaj pou pitit ou a.

Si w pa kapab ranpli AOP a anvan w kite lopital la, pa enkyete w. Ou kapab voye fòmilè a annaprè nan Biwo eta sivil la. Ou kapab fè sa an pèsòn oswa pa lapòs, sa ki pi bon pou ou a. Sepandan, tanpri sonje si w ajoute non papa aprè yo fin egzeyate w, gen yon ti frè pou pwosesis la.

Lè w jere AOP a bonè, sa ede asire yo pwoteje dwa legal pitit ou a epi sa kapab fè dosye yo vin pi senp, nan sa ki gen pou wè ak lagad, sipò epi desizyon medikal. Nou ankouraje w ranpli etap enpòtan sa ap ou pitit ou a.

Èske mwen kapab chanje patènite aprè mwen fin tabli l?

Wi, nan kèk ka, li posib pou retire patènite a epi mete yon lòt papa. Anjeneral, sa mande yon òdonans tribinal ak pwosedi legal, ki kapab gen ladann tès jenetik (ADN).



VIRGINIA DEPARTMENT OF
SOCIAL SERVICES

DCSE Division of Child
Support Enforcement

Sekirize avni pitit ou a, sa fasil tankou A, B, C!

Sèvis pansyon alimantè ka ede
pitit ou a. Men kijan ou kapab
kòmanse.



A. Enskri pitit ou a pou sèvis pansyon alimantè

Gen plizyè milyon fanmi nan Virginia
ki gentan ap itilize sèvis nou yo, epi
ou menm ou kapab fè sa tou!

Ni paran ak moun k ap bay swen
kapab aplike. Nou la pou nou ede.

B. Etabli patènite

Etabli patènite ede pitit ou a jwenn
asirans sante, konnen antesedan
medikal fanmi l epi jwenn sipò nan
men toude paran yo. Si w pa t marye
lè pitit ou a te fèt la, nenpòt nan
paran yo kapab mande èd pou
etabli patènite a.

C. Kreye kont sou entènèt ou a



Itilize kòd QR la
pou kòmanse ak
aplikasyon sou
entènèt sekirize
ou a jodi a.

D. Lòt sèvis

Nou gen pwogram ki ede paran ki
kapab ap pase mizè pou sipòte pitit
yo nan domèn finansye. Mande nou
enfòmasyon sou Sèvis angajman
fanmi nou an.

Ou gen kesyon? Ale sou:
www.dss.virginia.gov/family/dcse



Lè biwo:
Lendi jiska vandredi
7 a.m. pou 6 p.m.



Telefòn:
800-468-8894



Imèl:
askdcse@dss.virginia.gov

Vaksen pou timoun



Vaksen ede anpeche maladi grav tankou lawoujòl. Asire pitit ou a resevwa dènne vaksen se yon ti bagay ki kapab fè yon gwo diferans.

Ki vaksen pitit mwen an bezwen?

Pale ak pedyat pitit ou a sou vaksen ki rekòmande pou pitit ou a.

Sant kontwòl ak prevansyon kont maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo bay yon pwogram rekòmande pou dat ki pi bon pou pitit ou a resevwa yon vaksen.

Kibò mwen kapab jwenn vaksen gratis pou fanmi m?

Pitit ou a kapab resevwa vaksen gratis atravè pwogram CDC sou vaksen pou timoun (Vaccines for Children, VFC) nan biwo founisè swen sante yo, famasi yo epi nan depatman sante lokal ki anrejistre nan pwogram VFC a.

Ou kapab aprann plis sou vaksen pou timoun epi ale sou sitwèb sa a pou w kapab jwenn yon founisè VFC: <https://www.vdh.virginia.gov/immunization> oswa eskane kòd QR ki nan bò dwat la.



Pwograme randevou w aprè akouchman w lan

Mwen fèk akouche yon tibebe! Kounya kisa k pou fèt?



VIRGINIA
MATERNAL & CHILD HEALTH

Pwograme randevou aprè akouchman w lan anvan w kite lopital la. **Pa bliye vini!**

Poukisa mwen bezwen swen aprè lè m fin akouche?

Kò w ap reprann li aprè w ansent, gen tranche epi akouche. Yon founisè swen sante kapab pale avè w sou siy avètisman matènèl ki ijan, nenpòt sipò sante mantal ansanm ak opsyon pou planin.

Pa bliye tèt ou! Sante w enpòtan tou menmjan ak sante tibebe w la ki fèk fèt la.



Èske depatman sante mwen an kapab ede?

Wi! Kontakte depatman sante w lan pou aprann plis sou WIC, sipò pou vizit nan kay, dòmi an sekirite, edikasyon sou chèz machin, planin familyal, resous kominotè epi anpil lòt bagay ankò!

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante lokal ou.



Pwogram tès pou tibebe ki fèk fèt

Konn rezilta tès pou tibebe w la ki fèk fèt

Mande si yo te fè tès yo!

- ✓ Tès despitaj tach san pou tibebe ki fèk fèt
- ✓ Tès depistaj maladi kè kritik ki konjenital
- ✓ Tès pou tande

Tès pou tibebe ki fèk fèt: CCHD



Tès depistaj maladi kè kritik ki konjenital

Akademi Pedyat nan Etazini (American Academy of Pediatrics) rekòmande tès pou tout tibebe pou maladi kè kritik ki konjenital (Critical Congenital Heart Disease, CCHD) aprè 24 èdtan epi anvan egzeyat. Tès oksimetri batman. Se yon tès ki pa fè mal e ki pa mande okenn pwosedi anvayisan, ki mezire nivo oksijèn nan san, ki ka detekte defo nan kè lakay tibebe ki pa montre okenn sentòm. CCHD afekte anviwon 3 sou chak 1,000 tibebe ki fèk fèt, sa kapab menase lavi epi mande trètman pandan premye ane a. Deteksyon bonè pèmèt yo bay swen alè.

Tès depistaj CCHD pou tibebe ki fèk fèt

- Yo fè tès depistaj CCHD sou tibebe ki fèk fèt lè yo gen anviwon 24 èdtan. Pou sa, y ap itilize oksimetri pou batman ki pa fè mal epi ki pa anvayisan. Yo mete detèktè sou men dwat tibebe a ak sou yon pye pou mezire nivo oksijèn nan san, sa ede detekte nivo oksijèn ki ba ki ka CCHD ka lakoz, menm lakay tibebe ki pa montre sentòm.
- Y ap refè tès la pou tibebe ki pa pase tès depistaj la, epi yo ka bezwen plis evalyasyon, tankou yon ekokadyogram pou konfime oswa pou elimine posiblite CCHD.

Plasman oksimèt pou CCHD:



Yo mete oksimèt sou men dwat ak sou yon pye pou teste CCHD

Tès despistaj tach san pou tibebe ki fèk fèt

VIRGINIA
Newborn
BLOODSPOT
Screening
PROGRAM

● Pwogram depistaj tach san
● pou tibebe ki fèk fèt (Newborn
● Bloodspot Screening, NBS)

Depatman sante nan Virginia (VDH) bay idantifikasyon bonè ak kowòdinasyon swen pou tibebe ki ka gen ris pou kèk maladi ki ra men ki ka menase lavi. Gen kèk nan maladi yo teste yo ki ka parèt abityèl: Anemi falsifòm ak fibwoz kis.

Kijan sa fonksyone?

- Yon ti pike nan talon pye tibebe a, yo fè li 24–48 èdtan aprè nesans, sa pèmèt yo mete kèk gout san sou yon kat papye.
- Yo voye kat papye a bay laboratwa eta pou fè tès depistaj la. Yo fè tès depistaj 7 jou pa semèn, 365 jou pa ane!
- Yo voye rezilta tès depistaj yo bay yon ekip enfimiyè ki travay nan pwogram NBS la.
- Enfimiyè NBS yo rele pedyat, espesyalis ak fanmi yo imedyatman lè gen rezilta ijan, pou yo ka kowòdone swen ak tès dyagnostik.



Kesyon ki komen:

- Èske NBS nesèsè menm lè yo te fè lòt tès prenatal oswa tès jenetik?
 - Wi. Malgre tès prenatal epi/oswa tès jenetik ka itil, tès yo gen limit epi yo pa toujou detekte menm maladi NBS la ap chèche yo.
- Kijan m ap fè konnen tès tibebe m nan?
 - Pedyat ki nan kat tès depistaj la ap resevwa yon kopi rezilta tès la. Si w chanje pedyat pou nenpòt rezon, tanpri fè nouvo pedyat la kontakte pwogram NBS pou mande rezilta.

Sere enfòmasyon NBS tibebe w la!

Lè w konn rezilta NBS tibebe w la, sa ka fè yon diferans nan sante yo. Mande pedyat ou a pou rezilta pandan premye vizit ou a:

Nimewo idantifikasyon

Dat yo pran

aparèy (Device ID): _____

enfòmasyon: _____

Ou gen kesyon?

Enfimyè NBS yo disponib 7 jou pa semèn, 365 jou pa ane pou ede ou! Rele 804-864-7711 oswa voye imèl bay newborn_screening@vdh.virginia.gov.

Eskane kòd QR la pou vizite sitwèb la pou plis enfòmasyon, tankou resous ak yon lis konplè maladi yo depiste.



Deteksyon ak entèvansyon bonè pou pwoblèm tande



Pwogram depistaj nan Virginia pou deteksyon ak entèvansyon bonè pou pwoblèm tande (Virginia Early Hearing Detection and Intervention, VA EHDI), Depatman sante nan Virginia (VDH) bay sipò ak fanmi sou tès depistaj tande pou tibebe ki fenk fèt ak tès depistaj pou sitomegaloviris konjenital (congenital cytomegalovirus screening, CMV).

Èske w te konnen?

- Yon ti tan aprè tibebe a fèk fèt, l ap resevwa yon tès depistaj pou tande.
- Pwoblèm pèdi tande afekte anviwon 3 sou chak 1,000 tibebe ki fèk fèt, sa ki fè li vin pi komen nan tout malfòmasyon nesans yo.
- Zòrèy tibebe w la kòmanse ap devlope nan zòn 9 semèn gwosès la.
- Tibebe yo kòmanse tande lè yo gen 18 semèn epi kòmanse reponn lè yo tande son yo nan zòn 25 semèn.
- Epitou, y ap kòmanse teste kèk tibebe pou CMV dapre rezilta tès tande yo.
- CMV se yon viris ki komen ki gaye atravè kontak prè tankou saliv oswa pipi nan men timoun piti (laj 1-5).
- Anviwon 1 sou chak 3 fanm ansent ki gen CMV pase viris la bay tibebe yo ki poko fèt.

Eskane kòd QR la pou ale sou sitwèb la pou plis enfòmasyon ak resous.



Pwogram deteksyon bonè ak entèvansyon pou tande nan Virginia (Virginia Early Hearing Detection and Intervention, VA EHDI) rekòmande pou paran yo kontwole regilyèman fason pitit yo pale ak etap devlopman yo.

Èske w konnen devlopman lapawòl ak langaj kòmanse nan nesans?

Nenpòt jan rezilta tèst tibebe w la ye, li enpòtan pou siveye regilyèman etap tande ak lapawòl tibebe w la. Tibebe yo ka itilize vibrasyon ak siy vizyèl, ki ka parèt tankou yo tande w, kidonk swiv devlopman yo ede detekte nenpòt pwoblèm tande bonè.

Men kèk etap devlopman pou ede ou swiv fason tibebe w la ap devlope langaj li:

Nesans jiska 3 mwa

- Reyaji lè li tande gwo bri toudenkou (li bat je oswa li sote)
- Kalme epi souri lè yo pale avè l
- Fè senp son tankou "ooh" oswa "ahh"

3 jiska 6 mwa

- Chèche sous bri ak je li
- Pwodui plizyè kalite son, tankou kri lajwa ak ti ri

6 jiska 9 mwa

- Vire tèt li nan direksyon sous bri yo
- Babye son tankou "baba", "mama -manman" epi "gaga"

9 jiska 12 mwa

- Repete mo senp ak son
- Itilize "mama -manman" epi "dada -papa" kòrèkteman



Devlopman bonè nan langaj ak lapawòl se yon bagay ki trè enpòtan pandan kèk premye ane timoun nan fèk fèt. Si w gen nenpòt enkyetid sou pitit ou, pale founisè swen tibebe w la jodi a.



Pwogram depistaj nan Virginia pou deteksyon ak entèvansyon bonè pou pwoblèm tande (Virginia Early Hearing Detection and Intervention, VA EHDI), Depatman sante nan Virginia (VDH) pral kominike rezilta pou tès depistaj pou sitomegaloviris konjenital (congenital cytomegalovirus screening, cCMV) ak fanmi an byen rapid aprè egzeyat la.

Èske w te konnen?

- Si gen bezwen pou sa, pitit ou a dwe refè tès tande a lè l gen 1 mwa
- Yo ta dwe idantifye li gen pèt tande lè l gen 3 mwa, si sa prezan
- Si sa bezwen, pitit ou a dwe gen yon tès konfimasyon pou CMV anvan li gen 21 jou ap viv
- Anviwon 1 sou chak 4 tibebe ki fèt ak cCMV ap gen pèt tande lè yo fèt oswa devlope pèt tande pandan premye ane lavi yo.

VA EHDI ak pedyat pitit ou a ap sipòte w epi gide w nan chak etap yo epi ap kominike pwochen etap yo konsènan rezilta tès tande yo ak tès cCMV tibebe w la atravè mesaj tèks, apèl otomatik ak apèl telefòn. VA EHDI te kreye MyEHDI, yon pòtay paran pou senplifye kijan paran yo kapab rete enfòm sou tande ak sante CMV tibebe w la.

Eskane kòd QR la pou ale sou sitwèb la pou plis enfòmasyon ak resous.



Vizit bonè nan kay pou timoun



**Ou pa oblije fè sa pou kont ou.
Vizit nan kay ka ede w**

Sipò gratis pou ou ak tibebe w sòti nan ansent jiska premye ane l yo. Chak nouvo paran merite yon bon kòmansman; kite nou mache bò kote w!

Pwogram vizit nan kay eta Virginia yo ofri sipò gratis ak pèsonalize pou fanmi yo pandan gwosès ak tout premye ane timoun nan. Yon vizitè nan kay tankou yon enfimyè, yon edikatè, oswa yon espesyalis sipò pou fanmi vin jwenn ou, lakay ou oswa nenpòt kote ou santi w alèz. Yo koute w san jijman, yo selebre viktwa w yo, epi yo ede w jere bagay ki difisil yo. Kit ou se yon paran pou premye fwa oswa ap agrandi fanmi w, vizit nan kay ba w konfyans, zouti epi resous ou bezwen.



Vizitè nan kay kapab sipòte w ak:

- Konprann devlopman ak etap tibebe w la
- Woutin alètman, bay manje epi dòmi
- Jwenn lojman, manje oswa atik esansyèl pou tibebe
- Navige kesyon sou asirans oswa swen sante
- Jere estrès, enkyetid oswa enkyetid aprè akouchman
- Konekte ak sèvis gade timoun, fòmasyon travay oswa lòt sèvis lokal
- Jis gen yon moun pou pale ki konprann

Chak paran bezwen sipò.

Nou la lè w pare.

Ou pare pou aprann plis? Ale sou www.EarlyImpactVA.org oswa itilize kòd QR sa a pou jwenn pwogram ki disponib nan kominote w la.



Rezo swen pou timoun (Care Connection for Children)



Care Connection for Children se yon rezo pwogram atravè tout eta a ki sèvi kòm Sant ekselans pou timoun ak adolesan ki gen bezwen espesyal nan swen sante (Centers of Excellence for Children and Youth with Special Health Care Needs, CYSHCN). Li dirije efò pou amelyore sèvis medikal espesyalize, kowòdone swen ak benefis asirans, jere finansman, bay enfòmasyon ak referans, ofri sipò pou fanmi yo epi fòme founisè nan kominote a sou sijè ki gen rapò ak CYSHCN.

Eskane kòd QR la pou ale sou sitwèb Care Connection for Children nan pou jwenn plis enfòmasyon.



Kondisyon

- Nesans jiska lè l gen 21 lane
- Rezidan nan Virginia

Kondisyon fizik

- Mande oswa bezwen swen sante oswa sèvis sipò ki depase sa ki nòmal pou laj yo, tankou tretman espesyal oswa aranjanman espesyal lakay oswa nan lekòl la;
- Gen limit nan kwasans fizik, koyitif, emosyonèl oswa sosyal yo lè yo konpare l ak kamarad li yo;
- Depann de medikaman, rejim alimantè espesyal, teknoloji medikal, aparèy asistans oswa èd pèsònèl pou jere limit sa yo epi patisipe nan lavi kotidyen.

NOU LA POU NOU EDE

WIC ede fanmi yo. Pou sa li bay:

- Edikasyon pèsonalize sou nitrisyon pou ede tout fanmi an manje pi byen
- Sipò pou alètman nan men ekspè pou alètman, klas, gwoup soutyen ak ponp pou tire lèt pou manman ki gen bezwen
- Ou kapab itilize benefis manje WIC yo nan mache pou ede bay fanmi yo bon manje
- Referans ak òganizasyon sante lokal ak kominotè pou konekte fanmi yo ak resous yo bezwen yo



Kontakte biwo WIC lokal ou a oswa rele
biwo WIC Virginia nan **1-888-942-3663**

VirginiaWIC.com

Enstitisyon sa a bay sèvis san patipri pou tout moun.



LexisNexis® Vital Chek® se yon sous serye pou kòmande sètifika nesans ak lòt dosye enpòtan sou entènèt. Objektif nou se fè pwosesis pou kòmande sètifika nesans nouvo tibebe ou a vin pi senp, pi rapid epi san estrès pou ou, pou w kapab pase tan sou bagay ki vrèman enpòtan.

- Fasil, sekirize epi disponib 24/7 pou fè kòmande sou entènèt oswa pa telefòn.
- Livrezon ekspres disponib nan tout peyi a
- Gouvènman sètifye yo pou pi fò itilizasyon ofisyèl
- Founisè sou entènèt ki otorize pou plis pase 500 ajans eta sivil nan Etazini.

Ou pare pou kòmanse?
Eskane kòd QR la pou
ale sou VitalChek.com



LexisNexis se yon mak anrejistre RELX Inc. VitalChek ak logo VitalChek yo se mak anrejistre LexisNexis Risk Solutions Inc. © 2025 LexisNexis Risk Solutions Inc.

VDH VIRGINIA
DEPARTMENT
OF HEALTH

Office of Vital Records
P. O. Box 1000
Richmond, VA 23218-1000
804-662-6200
www.vdh.virginia.gov/vital-records/



Eskane kòd QR sa a pou eksplore plis enfòmasyon detaye sou sijè ki enpòtan "**Bear-y**" nou prezante nan bwochi sa a!

